


- **50 milyon** moun nan tout lemonn genyen malkadi.
- Nan peyi Etazini, **2.7 milyon** moun viv avèk li, chak jou. .
- **360,000** moun Eta Florid fè pati moun ki soufri pwoblèm sa a.
- Chak ane, gen **200,000** lòt Ameriken yo dekouvri ki gen pwoblèm sa a.
- **326,000** timoun, ki gen malkadi, gen mwens pase 15 an.
- Pousantaj moun ki ka mouri akòz pwoblèm sa a apeprè twa fwa plis pase moun ki nan popilasyon jeneral la epi danje ki genyen **pou moun mouri sibit 24 fwa plis.**
- **Nan tout Peyi an, depans yo koute 15,5 milya dola** pou tretman, resous ak mank rannman nan travay, lekòl ak lakay moun ki gen pwoblèm sa a.

EPILEPSY FOUNDATION®
FLORIDA
*Not another moment lost to seizures™*

www.epilepsyfla.org

## Biwo ak peyi ki jwenn sèvis:

**Miami-Dade – Biwo Principal**
7300 N. Kendall Drive
Suite 700
Miami, FL 33156
305-670-4949

**Broward**
512 NE Third Avenue
3rd Floor
Fort Lauderdale, FL 33301
954-779-1509

**Palm Beach**
3222 Commerce Place
Suite B
West Palm Beach, FL 33407
561-478-6515

**Jacksonville**
5209 San Jose Boulevard
Suite 101
Jacksonville, FL 32207
904-731-3752

Miami-Dade • Broward • Monroe • Palm Beach • Martin • Indian River • Volusia
St. Lucie • Okeechobee • Duval • Baker • Clay • Flagler • Nassau • St. Johns

# Malkadi

Se yon gwo pwoblèm
ki anba chal nan sistèm swen sante Florid la.




EPILEPSY FOUNDATION®
FLORIDA
*Pawòl kriz sa a ap fè nou pèdi tan toujou*

## Malkadi se yon gwo pwoblèm ki anba chal nan sistèm swen sante Florid la.

*Imajine ou se yon demachè epi yon kriz malkadi pran w nan mitan yon prezantasyon enpòtan w ap fè. Imajine ou se yon bòs mason, yon pwofesè, yon manman oswa tou senpleman imajine tèt pa w – Ki sa kriz malkadi ta fè nan lavi ou?*

### Fondasyon pou afè kriz malkadi nan Eta Florid

Fondasyon nasyonal pou afè kriz malkadi rekonèt Fondasyon pou afè kriz malkadi nan Eta Florid kòm ajans prensipal ki kouvri tout Eta a gras a enfòmasyon ak èd li bay nan pwoblèm kriz malkadi. Fondasyon pou afè kriz malkadi nan Eta Florid montre chemen ki pèmèt tout moun Florid jwenn bon jan pwogram ak sèvis.

Met sou bagay sa yo fondasyon an bay, sèvis klinik, pwogram pou bay moun konsèy, ansanm ak fòmasyon pou pwofesyonèl swen sante, edikasyon, sèvis kominotè ak fòmasyon pou pwofesyonèl konpayi prive, fondasyon an se yon bon defansè tou pou dwa ak bezwen moun ki konn gen kriz malkadi, nan nivo lokal, nan nivo county (kontti) yo ak nan nivo Eta a. Misyon nou, se ede sosyete a pi byen konprann pwoblèm nan epi ankouraje moun chanje fason yo konpòte yo ki dwe chita sou bagay ki vre, men non sou bagay y ap imajine. Poutèt sa, nou plis enterese antre an kontak ak patwon, gran komèsan, anplwaye leta, edikatè ak vedèt ak lòt ankò ki kab pa fin konprann, oswa sak pi rèd toujou, ki montre yo pa enterese ditou nan afè pwoblèm sa a.



# Gwo pwoblèm ki anba chal nan sistèm swen sante Florid la

*Kwak kriz malkadi pa gen limit, kit se pou yon vil, pou yon Eta oswa pou peyi a, pa gen anpil Eta ki pi frajil pase Eta Florid, nan kantite moun ki ka gen kriz malkadi toudenkou. Dapre chif yo kalkile, sanble se timoun ak granmoun aje ki plis ka trape kriz malkadi. Timoun ak granmoun aje fòme gran pousantaj nan popilasyon Eta nou an, se yon bagay nou pa konn wè tout tan. Kòm an Florid, sa nòmal pou moun fè anpil aktivite ak espò anplennè pandan tout ane a. Mòd lavi sa a ogmante danje ki genyen pou moun fè kriz malkadi. Sa ki fè sa, se paske anpil fwa kriz malkadi ki pran moun, se rezilta lè moun frape nan tèt. Finalman, Eta nou an gen 11 baz militè, sòlda ki nan baz sa yo toujou an danje pou yo frape nan tèt lè yo nan lagè.*

*Malerezman, rezon sa yo lakòz vin gen plis ka pou Fondasyon pou afè kriz malkadi nan Eta Florid. Sitiyasyon sa a bay anpil kè kase. Poutèt konsekans bagay sa yo ansanm ak jan popilasyon Florid la ap ogmante byen rapid, doktè ak sant medikal pa kab kenbe anba tout demann dyagnostik ak demann tretman kriz malkadi nan Eta a. Dyagnostik ak tretman kriz malkadi vin plis pa kab fèt akòz divès lang ak divès kilti Florid genyen, akòz sistèm transpò piblik li ki yon jan limite, epi akòz pwoblèm pa gen ase newològ ak doktè espesyalis pou kriz malkadi. Men tou, petèt yon lòt rezon ki pi grav pase tout lòt yo, se move repitasyon kriz malkadi genyen ak mal konprann moun genyen sou kriz malkadi ki kontinye ap ralanti efò kominote nou yo dwe fè pou rekonèt pwoblèm sa a k ap devaste moun, epi pou yo mete l anba kontwòl.*

**Kriz malkadi kapab parèt sou fòm yon ti malèz tou piti oswa sou fòm yon maladi katastwòf. Anpil fwa, malkadi fè pati yon bann pwoblèm tankou pwoblèm aprann, andikap mantal, ak plizyè lòt andikap ankò. Li kab frape nenpòt ki moun a nenpòt ki lè…** *epi li mennen avè l wont piblik ak yon fado ki rete sekrè.*

### Malkadi pa nan triye moun

**Sa ki ka lakòz kriz malkadi, se chòk ak blese moun pran nan sèvo, anpwazònman, gwo chòk nan tèt, pwosesis nòmal moun k ap vin granmoun aje, oswa atak sèvo. Tout se bagay ki pa konn ni gwoup, ni ras, ni gason, ni fi.**

### Sèvi ak ledikasyon pou konbat inyorans

**Kwak gen anpil moun gran renome ki te soufri kriz malkadi epi ki rive metrize fòs li genyen pou l febli moun, pou ki sa pwoblèm sante sa a toujou rete yon ka wonte anpil moun toujou konprann li mal?**

### De mo… manke konprann

**Antanke moun, nou gen tandans krenn sa nou pa konprann. Mete sou sa, lide malkadi kapab fè moun pè – ni moun ki soufri anba konsekans kriz la ni moun ki wè lè moun genyen li – epi ou kòmanse wè ki jan nou reyaji devan moun ki gen kriz malkadi. Men, si nou konprann sa ki lakòz malkadi ak sa li ka lakòz, nou kab kòmanse diminye fason malkadi a frape moun li atake, epi diminye konsekans li sou sosyete nou an.**

### Men sèten bagay nou konnen:

- **Malkadi se pa yon maladi… se yon siy ki montre yon moun gen yon pwoblèm nan sèvo li.**
- **Malkadi pa yon bagay ki kontajye… ou pa kab trape pwoblèm sa a nan pale ak yon moun ki gen malkadi, si w bo li oubyen si w manyen li**
- **Se pa djab ki lakòz malkadi… men okontrè se yon dechaj elektrik ki pa nòmal ki soti tanzantan nan selil sèvo yo.**

### Yon lafliksyon nou pataje

**Donk, poukisa ravaj malkadi fè ta dwe enterese w? O rezime, se paske li ka frape nenpòt ki moun a nenpòt ki lè.**

### Imajine si:

- **Pitit fi w sot tonbe sou bekàn, yon jou samdi apremidi, epi li pran yon chòk nan tèt ki fè mak sou tisi sèvo a.**
- **Pitit gason w ki fenk fèt la sibi yon chòk oswa li gen yon gwo lafyèv lè li fèt la.**
- **Mari pi bon zanmi ou tounen sot nan lagè men li te manke mouri nan eksplozyon yon zam yo fabrike epi li vin gen yon pwoblèm kriz jeneral.**
- **Atak sèvo manman ou ki fin granmoun fè a, lakòz li vin gen yon kriz ki konn pran li tanzantan.**

**Nenpòt nan sitiyasyon nou fenk di la yo kapab lakòz ou vin ann afè ak malkadi, yon fason dirèk dirèk. Si sa fèt, ki kote ou menm ak tout fanmi w ka jwenn enfòmasyon? Pou sèvis? Pou sipò?**

# Pwogram ak inisyativ

*Fondasyon an ofri plizyè sèvis valab, pou moun ak fanmi yo, kèlkeswa mwayen ekonomik yo. Pami sèvis sa yo, nou jwenn:*

### Prevansyon ak Edikasyon

Nou ofri sèvis prevansyon ak edikasyon konplè ann angle, an panyòl, ak an kreyòl, nan tout konnti kote nou travay (lis county (konnti) yo nan do liv la). Lè fini tou, nou fè prezantasyon nan lekòl leta yo yon fason regilyè (pou anplwaye ak pou elèv); nou fè prezantasyon pou doktè, avoka, ak lòt pwofesyonèl nan kominote yo; pou lapolis, moun k ap travay nan sèvis anbilans, pwofesyonèl swen lasante, ajans ki ofri sèvis lasante ak sèvis sosyal ansanm ak lòt òganizasyon kominotè; responsab gadri.

### Enfòmasyon, Referans ak èd

Ak konkou pwogram sa a, nou gaye enfòmasyon sou sèvis ki bay èd ki disponib nan kominote a pou moun ki fè malkadi ansanm ak fanmi yo; nou bay èd; nou bay eleman sipò pou sila yo ki ap fè fas ak presyon emosyonèl, swa yo menm, fanmi yo, oubyen zanmi yo, epi ki sibi prejije sosyal ansanm ak pwoblèm sa ka soulve nan mitan fanmi an; epitou nou bay referans pou lòt sèvis sosyal ak ajans lasante, lè resous fondasyon an pa sifi pou reponn a tout bezwen moun yo ak fanmi yo

### Jesyon ka

Nou travay nan nivo fondasyon an ansanm ak resous ki nan kominote a, pou n ka ofri moun ki gen pwoblèm kriz malkadi, ak fanmi yo, yon seri Plan Aksyon Endividyèl pou yon, ki rele IAP (Individualized Actions Plans) ki fèt espesyalman pou sèten bezwen presi pasyan yo ak fanmi yo genyen..

### Sèvis medikal

Klinik nou yo ki la pou konbat malkadi, genyen pwogram ki byen chita sou kontwòl medikal pou timoun ak granmoun. Pami pwogram sa yo, genyen premye evalyasyon newolojik ki fèt depi nan kòmansman, egzaminasyon pou kontinye suiv pasyan yo, tretman medikal, tès san, elektwo ansefalogram ak lòt tès yo egzije moun fè.

### Sèvis newolojik

Nan sèvis sa yo, nou jwenn evalyasyon newosikolojik pou fonksyònman emosyonèl moun nan ak kapasite l pou l aprann, tankou ka move fonksyònman sèvo a, ki an rapò ak pwoblèm kriz; ansanm ak konsiltasyon moun k ap travay nan lekòl la oswa fanmi, o sijè kesyon aprann ak konpòtman ki makònen ak malkadi; konsiltasyon ekip espesyalis sou aspè sikolojik eksperyans pasyan yo epi ki an rapò ak pwoblèm sante mantal (pami sa a, nou jwenn entèpretasyon envantè sikolojik sou pwòp rapò pasyan yo fè); ansanm ak konsèy pou chak moun apa ak fanmi yo (pou yon dire ki kout, si mwa oswa mwens pase sa), yon fason pou ede avèk difikilte ki genyen sou plan emosyonèl oswa nan rapò pasyan yo ak lòt moun

### Konsèy sou afè travay

Pami yo nou jwenn travay sou teren, rekritman ak fòmasyon, oryantasyon, fòmasyon pou chèche djòb atravè atelye fòmasyon pou ladrès nan chèche djòb ak liv fòmasyon pou moun k ap chèche djòb, ansanm ak sipò pou chèche djòb nan kad klèb pou djòb. Epitou gen èd pou chak moun apa, devlopman pou djòb ak plasman djòb..

### Materyèl kòm resous

Chak biwo nou yo gen yon sant resous ki chaje ak espesyalis epi ki fè tout kalite ti liv enfòmasyon, sou pwoblèm kriz malkadi, nan lang angle ak lang panyòl. Gen enfòmasyon sou malkadi nan videyo ki disponib nan lang angle, lang panyòl ak lang kreyòl. Gen atik jounal ak liv sou malkadi ki disponib, pou moun ka jwenn kèk referans.

Yon bagay ki tris, sèke pwoblèm malkadi a pi grav kote resous yo pi ra—paregzanp sa vle di nan mitan moun ki pa gen asirans oswa ki gen yon ti asirans, nan katye ki ofri yo, oubyen ki pa ofri swen sante oswa kote swen sante yo genyen an pa ase. Se poutèt sa fondasyon an plis santre li sou akèy pou tout moun k ap soufri, san l pa teni kont si se fanmi ki gen mwayen, epi li garanti moun yo jwenn bon jan nivo swen yo merite. Malgre tou sa, nou bezwen èd ou, si nou ka akonpli misyon nou epi kenbe men ak tout kantite demann pou bon jan sèvis n ap resevwa deplizanpli, nan Florid.

# Moun ki kenbe flanbo a limen!

Senbòl Fondasyon kont malkadi a genyen an, se yon flanbo, sa vle di se limyè konpreyansyon pou yon sosyete ki dakò asepte moun ki gen malkadi, pi byen. Se yon limyè ki va fè nou jwenn pi bon tretman ak pi bon swen pou moun sa yo.

Nou envite tout moun pou yo envesti nan lavni Fondasyon kont malkadi nan Florid. Yo ka fè sa, lè yo vin tounen moun ki kenbe flanbo a limen, pou yo ka ede nou kenbe flanbo lespwa a, pou l ka kontinye limen pou plizyè milye moun nan Eta nou an ki soufri malkadi ak lòt kriz.

Flanbo nou an briye, gras a lajan moun ki gen bon kè ak moun ki devwe tankou ou, ki bay yon fason pou ede nou pote lespwa ak transfòmasyon pou timoun, gason ak fi ki ap viv ak pwoblèm malkadi.

# Fon ki rele Clayton Feig Legacy Fund

Kòm yon moun k ap kenbe flanbo a limen, kontribisyon ou kapab kore kan d ete Fondasyon an tou, Boggy Creek, kote jenn timoun ki soufri malkadi –anpil fwa ki santi yo izole oswa yo diferan de timoun parèy yo– kapab fè nouvo zanmi epi ede youn lòt pou yo kenbe ak pwoblèm yo a, nan pataje difikilte yo rankontre ansanm nan lavi yo.

Yo kanpe fon sa a nan memwa Clayton Feig, yon jenn gason ki te montre kouraj ak tanperaman fò li te genyen, pandan li t ap soufri ak kriz malkadi. Konplikasyon li vin rankontre ak pwoblèm kriz la, te lakòz li pèdi lavi li an 1993. Clayton te gen 18 am

# Fason ou ka bay

**Don ak lajan**

Voye yon chèk oswa yon chèk bank, oswa bay sou kat kredi ou pa telefòn.

**Don ak tit oswa aksyon nan konpayi**

Si ou posede tit ki vin ogmante nan valè, ou kab an mezi pou apresye kèk ekonomi ou kab fè sou taks adisyonèl. Anpil fwa ou ka fè yon don ak yon tit tou senpleman ak yon kout fil. Annik telefone ajan ki reskonsab kont ou an. Tanpri kontakte konseye taks ou, anvan ou fè sa.

**Don ki matche youn ak lòt**

Ou ka double sipò ou oswa ou ka triple li, si ou mande antrepriz ou a pou li matche don ou a. Tcheke ak patwon ou pou konnen detay sou pwogram pou matche don.

**Don onorè/Don memoryal**

Fè yon don memoryal oswa yon don komemoratif, pou onore yon moun espesyal oswa pou rekonèt yon evènman enpòtan, tankou dat fèt yon moun, dat maryaj, oswa gradyasyon.

Nou apresye tout opòtinite nou ka jwenn pou voye deskripsyon ki detaye ba ou sou pwogram nou genyen pou sèvis pou pasyan nou yo, ou ta kab enterese pou ou finanse. Met sou sa, youn nan manm ekip nou yo disponib pou yo pale avèk ou, dapre disponiblite ou, pou yo kab ba ou plis detay sou Fondasyon an ak pwogram nou yo.

**Tanpri, kontakte biwo ki regle afè gwo kado a. Rele nan (305)670-4949 oswa 1-800-940-6515**